

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kaparigelan nu kudu diajarkeun dina pangajaran Basa sunda salah sahijina nya éta kaparigelan nulis. Kaparigelan nulis téh mangrupa komponen tina opat kaparigelan basa nya éta kaparigelan ngaregepkeun (*listening skill*), kaparigelan nyarita (*speaking skill*), kaparigelan maca (*reading skills*), jeung kaparigelan nulis (*writing skill*). Éta opat komponen téh raket patalina ti mimiti ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Opat kaparigelan ieu enas-enasna mangrupa hiji beungkeutan anu gembleng, ku kituna éta opat kaparigelan basa téh disebut ogé catur tunggal.

Nulis mangrupa hiji cara pikeun ngayakeun komunikasi teu langsung, sabab unggal manusa ngabogaan ide/gagasan jeung kahayang anu kudu diwujudkeun sacara nyata. Cara ngawujudkeunana tangtu kudu merenah ngarah kaharti atawa kanyahoan ku baléréa lamun make hiji pakakas nya éta basa. Basa anu puguh entep seureuh jeung alurna tur écés pamaksudanana ilharna aya dina wangun tinulis.

Prosés nulis hartina prosés ngébréhkeun ide/gagasan sacara nyata dina wangun tulisan atawa komunikasi teu langsung. Dina komunikasi teu langsung basa nu kudu digunakeun kudu leuwih jelas tibatan basa anu digunakeun dina komunikasi langsung. Kalimah-kalimah dina basa tinulis kudu mampuh ngajelaskeun maksud jeung tujuan masalah nu keur dibahas sacara gemet, lantaran teu diuwuh ku gerak, pasemon, jeung intonasi. Kusabab kitu, basa nu dipaké ku nu nulis (nu ngarang) kudu hadé jeung gampil dicangking pamaksadanana. Sok sanajan kitu, dina kagiatan nulis teu sakabéh jalma mampuh ngébréhkeun ide,

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

gagasan jeung pamaksadan dina wangun tinulis kalawan hadé. Jalma-jalma nu tangtu wungkul nu mampu ngébréhkeun eusining haténa ngaliwatan basa tinulis kalawan hadé. Lantaran kaparigelan nulis atawa ngarang téh teu bisa datang kitu

wae, tapi kudu ngaliwatan prosés latihan jeung prakték nu sering jeung teratur (Tarigan, 2008:4).

Pangajaran nulis téh kaasup kana kagiatan makéna basa, nu salasahiji fungsina nya éta pikeun ngajarkeun kamampuh ngébréhkeun gagasan, pamadegan sarta pangalaman ngaliwatan basa tinulis. Luyu jeung tujuan utamana nya éta méré kesempatan ka siswa pikeun meunangkeun pangaweruh jeung pangalaman nulis sangkan mampu ngébréhkeun gagasan, penghayatan, perasaan sarta pangalamanna ka jalma lian. Pangaweruh jeung pangalaman nulis mangrupa daya pikeun nguatkeun kamampuh siswa kana hasil diajar nulis, hususna mata pelajaran Basa Sunda. Daya éta dina kagiatan pangajaran diarahkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa kalayan ngagunakeun perasaan, penalaran, daya khayal, numuwuhkeun kapekaan ka masarakat, budaya jeung lingkungan pikeun dikomunikasikeun ka jalma lian.

Dumasar pedaran di luhur, leuwih hadé balik deui ka pamikiran yén siswa bakal diajar leuwih alus saupama lingkungan anu diciptakeun alamiah. Diajar bakal leuwih miboga ma'na saupama siswa ngalaman naon anu rék diajarkeun lain saukur mikaweruh. Pangajaran anu orientasina kana pangawasaan matéri mémang kabukti suksés dina kompetisi daya inget jangka péndék tapi gagal dina mekelan siswa neangan solusi dina pasualan kahirupan jangka panjang.

Numutkeun Zainurrahman (2011:206) masalah atawa problématika dina nulis dibagi jadi dua nya éta masalah umum jeung masalah husus. Nu kaasup masalah umum nya éta kurangna matéri nu rék dipedar, bangbaluh dina ngamimitian jeung nutup eusi karangan atawa tulisan, kasulitan dina strukturasi jeung nyalaraskeun eusi sarta kasulitan dina milih topik tulisan. Sedengkeun nu

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

kaasup masalah husus nya éta leungitna *mood* nulis, nu disababkeun ku kurangna ide, kasibukan, jeung *writer block*.

Ku kituna, masalah atawa problematika dina pangajaran nulis di sakola, hususna pangajaran nulis karangan éksposisi di SMP 14 Bandung teu jauh béda saperti nu diébréhkeun ku Zainurrahman, nya éta mayoritas siswa hésé néangan ide atawa imajinasi dina waktu nulis hiji karangan éksposisi. Kurangna imajinasi siswa nalika nulis karangan éksposisi nya éta kurang parigelna siswa dina ngawasa basa Sunda jeung kurangna kabeungharan kecap basa Sunda, kurang parigelna siswa dina ngabuka jeung nutup karangan éksposisi, sarta modél pangajaran atawa cara ngajar guru pikeun ngarangsang ide siswa teu menarik, jeung variatif.

Guru kudu bisa nyiptakeun suasana diajar nulis jadi matak resep, sangkan bisa ngirut haté siswa pikeun ngaréspon kana naon nu ditingali, didéngé sarta nu dirasakeun ku siswa sarta suasana nu mantak bisa ngarangsang ide siswa nalika nulis.

Dina sawatara modél pangajaran nu bisa nyiptakeun suasana nu matak pikaresepeun, katitén salah sahijina nya éta modél pangajaran *Writing Workshop*. Modél pangajaran *Writing Workshop* atawa modél Menulis Terbimbing saméméhna pernah digunakeun dina panalungtikan basa, di antarana: basa Indonésia, basa Inggris, basa Prancis jeung basa Sunda nya éta “*Peningkatan Keterampilan Menulis Karangan Deskripsi Melalui Teknik Menulis Terbimbing*” ku Syarif Amir, “*Upaya Meningkatkan Kemampuan Menulis Puisi Melalui Prosedur Menulis Terbimbing*” ku Dwi Hastari, “*Penerapan Model Writing Workshop untuk Meningkatkan Kemampuan Menulis Bahasa Inggris*” ku Isye Mulyani, “*Model Pembelajaran Menulis Terbimbing Bahasa Prancis Berbasis Media Internet Melalui Mailing dan Blog*” ku Tri Indri Handini jeung “*Éféktifitas Modél Writing Workshop Dina Pangajaran Kamampuh Nulis Surat Resmi*” ku Resti Tandiani Utami.

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

Nilik kana hal éta, modél pangajaran *Writing Workshop* dianggap paling cocog pikeun pangajaran nulis karangan éksposisi sarta tina sababaraha panalungtikan nu geus aya ieu modél *Writing Workshop* téh acan diujicobakeun dina pangajaran nulis karangan éksposisi di SMP. Ku kituna, dilaksanakeun panalungtikan anu judulna “*Modél Writing Workshop pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi (study kuasi ékspérimén ka siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung Taun Ajar 2012/2013)*”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah nu diébréhkeun di luhur, aya sababaraha masalah anu muncul nya éta, kurang mampuhna siswa dina nulis karangan, siswa teu parigel dina ngagunakeun basa sunda, siswa teu bisa ngébréhkeun ide, siswa kurang minat dina pangajaran nulis, monotonna sistem pangajaran nulis jrrd. Tapi pikeun teu ngajembaran masalah nu di talungtik, panalungtik museurkeun panalungtikan kana modél pangajaran *Writing Workshop* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung taun ajar 2012/2013.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, aya sababaraha masalah anu perlu ditalungtik, saperti anu diébréhkeun ieu di handap:

- 1) Kumaha kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung saméméh ngagunakeun modél *Writing Workshop* ?
- 2) Kumaha kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung sabada ngagunakeun modél *Writing Workshop* ?

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

- 3) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis karangan éksposisi siswa VII A SMPN 14 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *writing workshop*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar anu geus disebutkeun di luhur, sacara umum tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun ngukur atawa nguji kamampuh nulis karangan éksposisi ka siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadéskrisikeun:

- 1) kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung saacan ngagunakeun modél *Writing Workshop*;
- 2) kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung sabada ngagunakeun modél *Writing Workshop*; jeung
- 3) bédana kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun model *Writing Workshop*

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, mangpaat ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho ngeunaan modél pangajaran anu éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi, ngamekarkeun modél-modél pangajaran sangkan bisa

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

ngaronjatkeun kamampuh nulis, utamana nulis karangan éksposisi sarta mikanyaho tata cara nulis karangan éksposisi anu bener jeung hadé.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian ti miboga mangpaat tioritis, ieu panalungtikan téh miboga ogé mangpaat praktis pikeun guru jeung siswa. Pikeun guru mangpaatna nya éta ngagampangkeun prosés ngajar nulis karangan éksposisi tur hasilna ogé nyugemakeun, sedengkeun pikeun siswa mangpaatna nya éta pikeun numuwuhkeun sikep positif kana pangajaran nulis tur ngagampangkeun prosés diajar nulis hususna nulis karangan éksposisi.

1.5 Raraga Tulisan

BAB 1 : BUBUKA, nu ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

BAB II : LANDASAN TIORI, nu ngawengku harti nulis, fungsi nulis, mangpaat nulis, tujuan nulis, rupa-rupa wacana tulisan, ciri-ciri tulisan hadé, wangenan karangan éksposisi, ciri-ciri karangan éksposisi, sarat nulis karangan éksposisi, léngkah-léngkah nulis karangan éksposisi, wangenan model pangajaran, model *Writing workshop*, langkah-langkah model *Writing workshop*, prinsip-prinsip model *writing workshop*, prak-prakkan nulis karangan eksposisi ngagunakeun model *writing workshop*, sarta anggapan dasar jeung hipotesis panalungtikan.

Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi


(Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)

BAB III : METODOLOGI PANALUNGTIKAN, nu ngawengku metode panalungtikan, instrumen panalungtikan, sumber data panalungtikan, wangenan operasional, teknik ngumpulkeun data, teknik ngolah data jeung analisis data.

BAB IV : DÉSKRIPSI JEUNG ANALISIS HASIL DATA, nu ngawengku kamampuh nulis karangan éksposisi saméméh jeung sabada ngagunakeun model *writing workshop*, uji sipat data nu ngawengku uji normalitas jeung uji homogenitas, uji gain, uji hipotésis jeung kacindekan analisis data.

BAB V : PANUTUP, nu ngawengku kacindekan jeung saran.



Feni Ritasari, 2013

Modél Writing Workshop Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

(Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 14 Bandung

Taun Ajar 2012/2013)